

Lalwa pa pèmèt òganizasyon sa a ki resevwa lajan sekou nan gouvènman federal pou l fè paspouki nan domèn pi ba sa yo:

- Kont nenpòt moun ki nan Etazini akòz ras, koulè, relijyon, si l gason oubyen fanm, nasyonalitye, laj, si l kokobe, pati politik oubyen kwayans politik li epi
- Kont nenpòt moun ki nan pwogram yo bay lajan pou fè dapwe chapit I nan lalwa 1998 sou Invèstisman pou Travayè (WIA). Akòz moun nan se yon imigran ki rantre nan peyi a dapwe lalwa epi yo te bay otorizasyon travay nan Etazini, oubyen akòz moun nan patisipe nan pwogram oubyen aktivite yo fè ak lajan yo jwenn dapwe chapit I lalwa WIA.

Ajans ki resevwa lajan gouvènman federal pa dwe fè paspouki nan okenn nan aktivite pi ba sa a yo:

- Lè yo ap deside ki moun yo ap aksepte oubyen bay sèvis nan pwogram oubyen aktivite yo mete sou pye ak lajan yo bay dapre chapit I lalwa WIA a.
- Lè yo ap deside ki moun yo ap bay travay nan administrasyon oubyen nan nenpòt bagay ki konekte ak pwogram oubyen aktivite sa a.

Ki Sa Ou Dwe Fè Si Ou Panse Yo Te Fè Ou Abi Nan Paspouki

Si ou panse yo te fè ou abi nan paspouki nan yon pwogram oubyen aktivite yo mete sou pye ak lajan yo bay dapwe lalwa WIA a, ou ka pote plent anvan 180 jou koumanse nan dat yo te fè ou abi a bay administratè ki responsab pou garanti tout moun gen menm opòtinite (Direktè Biwo Dwa Sivil, Direktè Ajans pou Chanjman nan Travay). Ou ka pote plent tou bay Direktè Sant Dwa Sivil nan Depatman Ditravay Etazini nan yonn nan de adrès sa a yo:

Veronica Owens, Equal Opportunity Officer
Office for Civil Rights (OCR)
Department of Economic Opportunity **oubyen**
Caldwell Building - MSC 150
107 East Madison Street
Tallahassee, Florida 32399-4129

The Director
Civil Rights Center (CRC)
U.S. Department of Labor
200 Constitution Avenue NW
Room N-4123
Washington, DC 20210

Si ou pote plent nan Biwo Dwa Sivil (OCR) fòk ou tann OCR bay yon dènye desizyon sou papye oubyen fòk ou tann 90 jou pase (sa depann ki lès ki rive anvan) anvan ou pote yon lòt plent nan Sant Dwa Sivil (CRC). (Wè adrès la piwo.)

Si OCR pa ba ou yon desizyon final sou papye anvan 90 jou koumanse nan dat ou te pote plent nan, ou pa bezwen tann OCR pou bay desizyon an anvan ou pote yon lòt plent nan biwo piwo CRC a. Men fòk ou pote plent nan Sant Dwa Sivil la nan trant jou ki vini apre limit 90 jou a pase (yon lòt jan pou konsidere sa se 120 jou apre jou ou te pote plent devan biwo OCR a).

Si OCR bay ou yon Desizyon Dènye Aksyon li pran sou konplent ou, men ou pa satisfè ak desizyon an oubyen ak fason yo te fè desizyon an, ou ka pote plent bay CRC. Fòk ou pote plent nan bay CRC avan 30 jou koumanse ak dat ou te resevwa Desizyon Dènye Aksyon OCR te voye ba ou a.

Si ou bezwen plis enfòmasyon oubyen si ou vle pote yon plent, me moun ak adrès pou kontakte

Office for Civil Rights
Department of Economic Opportunity
Caldwell Building – MSC 150
107 East Madison Street
Tallahassee, Florida 32399-4129
Telefòn: 850-921-3205

Fax: 850-921-3122

E-mail: Civil.Rights@deo.myflorida.com

TTY pou moun ki soud oubyen bèbè ki pale franse oubyen kreyòl: 711

Pwogram Pou Travay Ki Bay Tout Moun Menm Opòtinite
Nou genyen Lòt Konkou ak lòt Sèvis pou moun ki Kokobe depi yo mande